TUGAS 2

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi bener!
Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomor 1—5.

Raden Ajeng Kartini

Sedaya tamtu sampun mangertos ingkang asmanipun Raden Ajeng Kartini. Panjenenganipun punika putrinipun Raden Mas Ario Sosroningkrat, Bupati ing Jepara. Raden Ajeng Kartini miyos rikala tanggal 21 April 1879 ing Mayong Kabupaten Jepata.

Kartini kepengin sanget nglajengaken sekolahipun nanging dipunalangi tiyang sesepuhipun. Minangka putri Jawi, Kartini kedah kapingit ngantos wekdalipun palakrama. Sedaya punika adat ing =kang kedah dipunlampahi. Kamangka kartini kagungan gegayuhan luhur kepengin ngangkat drajatipun kaum Wanita supados hak lan kapinteranipun sami kaliyan kaum jaler.

Kartini kagungan karemenan maos. Inggih amargi punika penggalihipun Kartini binuka lan saged bandhingaken antawisipun Wanita Indonesia lan Eropa ing babagan kemajengan. Kartini lajeng kepengin ngedegaken sekolah kangge kaum Wanita. Sesarengan kaliyan punika ingkang Rama netepaken menawi Kartini badhe kanikahaken kaliyan Bupati Rembang, Raden Adipati Joyodiningrat. Kartini estu krama. Pranyata garwanipun, nyengkuyung gegayuhanipun Kartini. Mila Kartini lajeng ngedegaken sekolah ing dalemipun piyambak kanthi nama Sekolah Kartini. Boten antawis dangu lajeng madeg sekolah-sekolah kartini ing papan sanes kados Semarang, Ngayogyakarta, Sala, Malang, lan sanes-sanesipun.

Nalika taksih timur, Kartini asring kintun serat dhaten kanca-kancanipun ingkang wonten Walandi. Sedaya kepenginanipun kangge majengipun wanita Indonesia dipunserat ing seratipun. Kempalaning serat saking Kartini punika lajeng kababar ing buku "Habis Gelap Terbitlah Terang".

Kartini ing yuswa 25 taun samoun kapundhut wangsul ing ngarsanipun Gusti Allah, kamangka dereng ngraosaken asiling perjuwangan, R.A. Kartini seda tanggal 17 September 1904.

1. Sapa asmane wong tuwane R.A. Kartini?
2. Ing ngendi R.A. Kartini miyos?
3. Apa sing pengin digayuh R.A. Kartini?
4. Apa kang dadi kesenangane R.A. Kartini?
5. Apa ngendi Kartini ngedegke sekolah sing kapisan?